दिन—गुरूवार दिनांक—10.10.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार आइ राज्य सरकारक लेल एक लाख अठहत्तरि हजार करोड़ टाका सँ बेसी कर राशि जारी कयलक अछि। वित्त मंत्रालयक मोताबिक पाबनि—तिहार आ प्रदेशक पूँजीगत व्यय मे तेजी आनबाक लेल, संगहि विकास काज सभ के आगू बढयबाक लेल एक टा अग्रिम किस्त जारी कयने छल। उत्तर प्रदेश के सभ सँ बेसी एकतीस हजार नओ सय बासठि करोड़ टाका जारी कयल गेल। एहि के बाद बिहार आ मध्यप्रदेश के सभ सँ बेसी राशि देल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बाढ़ि राहत वितरण के दोसर चरणक तहत आइ तीन लाख एकैस हजार सँ बेसी बाढ़ि प्रभावित परिवारक बैंक खाता मे प्रति परिवार सात हजार टाकाक राशि डीबीटीक माध्यम सँ हस्तांतरित कयलनि।

---

शारदीय नवरात्रक आइ आठम दिन देवी दुर्गाक महागौरी स्वरूपक पूजा—अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे देवीक महागौरी स्वरूपक अराधना सँ भक्त सभ कँ सुख समृद्धिक प्राप्ति होयत छनि एवं हुनकर सभ मनोकामना पूर्ण होयत छनि। माँक ई स्वरूप अभय, रूप आ सौंदर्य दैबला छनि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे विभिन्न मंदिर आ शक्तिपीठ सभ मे महा अष्टमी पूजा—अर्चनाक लेल भोरे सँ भक्त सभक भीड़ लागल अछि। राजधानी पटना मे प्रसिद्ध शक्तिपीठ पटन देवी मे अष्टमी पूजाक अयोजन कयल गेल। जाहिमे पैघ संख्या मे श्रद्धालु सभ भाग लेलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना सिटीक पटन देवी मंदिर एवं अगमकुआँ स्थित माँ शीतला देवी मंदिर समेत अन्य मंदिर सभ मे जाकऽ माँ दुर्गाक अराधना कयलनि आ सुख, शांति आ समृद्धिक कामना कयलनि। एम्हर, मिथिला क्षेत्रक दरभंगाक श्यामा मंदिर, मधुबनीक सिजौलिया स्थित सिद्धेश्वरी मंदिर आ सहरसाक

महिषी स्थित उग्रतारा स्थान समेत कतेको देवी मंदिर आ शक्तिपीठ सभ मे भक्तक बहुत बेसी भीड़ देखल जा रहल अछि।

————————————————————————

स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्रालय आइ नव दिल्ली मे विश्व मानसिक स्वास्थ्य दिवसक अवसर पर टेली मानस ऐप आ वीडियो कॉल सुविधाक शुभारम्भ कयलक अछि। एहि दरमियान विश्व स्वास्थ्य संगठन–डब्ल्यूएचओ टेली मानस मूल्यांकन रिपोर्ट आ कर्मचारी सभक लेल एक स्व–देखभाल मॉड्यूल सेहो लॉन्च कयल गेल। एहि वर्षक विषय–"कार्यस्थल पर मानसिक स्वास्थ्य" अछि, जे मानसिक स्वास्थ्य आ कार्यस्थलक मध्य संबंध पर ईजोत पसारैत अछि।

————————————————————————

भारतक प्रसिद्ध उद्योगपति रतन टाटाक अंतिम संस्कार आइ मुम्बईक वर्ली श्मशान मे भेलनि। अंतिम संस्कार सँ पहिने गार्ड ऑफ ऑनर देल गेलनि। काल्हि राति छियासी बरखक उमेर मे हुनकर निधन मुम्बईक एक टा अस्पताल मे भऽ गेलनि।

————————————————————————

बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकार प्रदेश मे प्राथमिक, कृषि, साख सहयोग समिति, पैक्स चुनावक लेल संभावित तिथि जारी कऽ देलक अछि। प्राधिकार दिस सँ एहि सम्बन्ध मे देल गेल जनतबक अनुसार चुनाव पाँच चरण मे होयत। छब्बीस नवंबर के पहिल चरणक मतदान होयत, जखनकि अंतिम मतदान तीन दिसम्बर के होयत। पचीस अक्टूबर के पैक्सक मतदाता सूचीक अंतिम प्रकाशन कयल जातय। एहि के बाद चुनावक प्रक्रिया शुरू भऽ जायत। गृह विभाग आ पुलिस महानिदेशक कें पैक्स चुनावक सम्बन्ध मे तैयारी करबाक निर्देश देल गेल छनि। चुनाव तैयारीक सम्बन्ध मे सोलह अक्टूबर के बैसक होयत।

————————————————————————

प्रदेश सँ मॉनसूनक वापसी शुरू भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्य मे एक–दू ठाम हल्लुक सँ मध्यम बरखा दर्ज

कयल गेल अछि। समस्तीपुरक शिवजीनगर मे सभ सँ बेसी छत्तीस दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक पूर्वी भाग मे एक–दू ठाम मेघगर्जन आ ठनका खसबाक आशंका अछि।

---

रेलवे पूर्वोत्तर रेलवे के बनारस–प्रयागराज खंड पर पैच दोहरीकरण काजक कारण कतेको रेलगाड़ी के परिचालन मे बदलाव कयलक अछि। पूर्व–मध्य रेलवेक मुख्य जनसंपर्क अधिकारी सँ प्राप्त जनतबक अनुसार प्रयागराज–रामबाग–मुजफ्फरपुर एक्सप्रेस चौदह आ सोलह अक्टूबर के रद्द रहत। ओतहि, दस सँ सतरह अक्टूबर धरि सीतामढ़ी–आनन्द विहार टर्मिनल्स एक्सप्रेस क प्रयागराज–रामबाग स्टेशन पर देल गेल अस्थाई ठहराव समाप्त कऽ देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त फराक–फराक तिथि के लेल छओ आन ट्रेन सभक अस्थाई ठहराव सेहो समाप्त कऽ देल गेल अछि। दोसर दिस, सोलह अक्टूबर सँ पाटलिपुत्र–सहरसाक मध्य साप्ताहित विशेष ट्रेन चलाओल जायत।

---

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आइ इंडियन रेड क्रॉस सोसाइटी पटना दिस सँ बाढ़ि पीड़ितक सहायताक लेल राहत सामग्री सँ भरल गाड़ी के हरियर झंडी देखाकऽ बिदा कयलनि।

---

सीतामढ़ी जिलाक रीगा खरसान गामक निवासी सेनाक जवान अमर शहीद सुजीत सिंह कँे आइ हुनकर पैतृक गाम मे राजकीय सम्मानक संग अंतिम बिदाई देल गेलनि।

---

समाप्त